



Pou Piblikasyon Imedya: 21/03/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO LANSE INISYATIV RABÈ 70 MILYON DOLA SOU MACHIN ELEKTRIK AK SANSIBILIZASYON (ELECTRIC CAR REBATE AND OUTREACH INITIATIVE)

“Rabè Kondwi Pwòp” la (Drive Clean Rebate) Bay Jiska 2,000 Dola pou Chak Moun ki Achte ki Kalifye

Sipòte Objektif Gouvènè Cuomo pou Diminye Emisyon Gaz Efè Sèr yo a 40 Pousan vè 2030

Pi Gwo Kontribitè nan Emisyon Gaz A Efè Sèr se Sektè Transpò; Konte pou Prèske 40 Pousan Emisyon Gaz nan Eta New York

Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse jodi a yon inisyativ rabè 70 milyon dola sou machin elektrik ak sansibilizasyon pou ankouraje kwasans itilizasyon machin elektrik pwòp, ki pa fè polisyon nan New York epi fè pwomosyon rediksyon emisyon kabòn nan sektè transpò a. Rabè Drive Clean la disponib kounye a pou tout rezidan New York ki achte machin ki kalifye kay dilè nouvo machin k ap patisipe yo.

Gouvènè Cuomo te di: “Redwi veyikil emisyon yo se yon pati ki enpòtan anpil nan efò administrasyon sa pou konbat chanjman klimatik epi redwi enpak kabòn New York. Rabè yo t ap tann anpil sa yo ap rann viyikil elektrik yo pi abòdab epi aksesib epi sipòte efò eta lidè nasyon an pou konstwi yon New York ki pi pwòp, pi vè pou jenerasyon k ap vini yo.”

55 milyon dola nan Inisyativ Drive Clean la dedye a rabè jiska 2,000 dola pou acha yon nouvo machin elektrik ibrid rechajab, machin tout elektrik oubyen machin pil a idwojèn. Anplis 55 milyon dola rabè a, gen 15 milyon dola k ap sipòte amelyorasyon konsyantizasyon konsomatè yo sou machin elektrik ak anpil benefis yo genyen, enstale plis estasyon chajman atravè eta a, devlope epi demontre nouvel teknoloji transmisyon machin, ak lòt efò pou mete plis machin elektrik sou wout New York yo. Se Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) k ap jere inisyativ la epi k ap ede eta a reyalize objektiv li pou redwi gaz efè sèr yo a 40 pousan vè 2030.

Plis pase 30 diferan kalite machin elektrik disponib sou inisyativ Rabè Drive Clean la.

Pou enfòmasyon sou benefis machin elektrik, kalite machin ak modèl ki disponib pou rabè ak nivo rabè yo, lokasyon ak dilè k ap patisipe yo, yon kat jewografik sou estasyon chajman Eta New York yo ak adrès sou opsyon chaje adomisil yo, vizite [sit entènèt Rabè Drive Clean la NYSERDA](#). Foto evènman yo disponib [isit la](#).

Gouvènè Adjwen Hochul, ki te patisipe nan anons lan nan Sant Konvansyon Albany (Albany Convention Center), te deklare: “Sektè transpò a se pi gro kontribitè nan emisyon gaz efè sèyo e machin elektrik yo ap ede ranvèse tandans sa. Rabè Drive Clean Gouvènè Cuomo a ap founi konsomatè yo opsyon veyikil ki ni ekonomik, ni konsyan de anviwònman an. Ogmantasyon itilizasyon machin elektrik yo ap jwe yon wòl enpòtan nan ede New York atenn objektif Gouvènè Cuomo a pou redwi emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan vè 2030.”

Prezidan Enèji ak Finans pou New York (Energy and Finance for New York)

Richard Kauffman te deklare: “San yon griy elektrik ki pi pwòp e ki modènize, nou pa ka atenn objektif chajman klimatik nou yo, e san nou pa sipòte nouvèl teknoloji nan sektè transpò yo tou. Nouvo veyikil elektrik sa se dènye etap sou lidèchip Gouvènè Cuomo pou pèmèt Nouyokè yo jwe yon wòl aktif nan konba pou netwaye lè nou an ak angajman san presedan eta a pou transpò ki pwòp k ap anime mache machin elektrik la nan Eta New York, k ap pèmèt plis moun achte machin ki pi pwòp epi ede atenn objektif anbisye gouvènè a pou rediksyon gaz efè sèr la.”

John B. Rhodes, Prezidan ak PDG, NYSERDA, te di: “Sa se yon inisyativ eksitan k ap rann li pi fasil pou konsomatè yo chwazi transpò pwòp. Machin elektrik yo enpòtan anpil pou avni enèji pwòp nou an, e Eta New York angaje pou akselere kwasans veyikil ekolojik sa yo pandan n ap konstwi sistèm enèji ki pwòp, rezistan epi abòdab, dapre estrateji Vizyon Refòm Enèji Pwòp (Reforming the Energy Vision) Gouvènè Cuomo a.”

Delege Pwoteksyon Anviwònman an (Department of Environmental

Conservation), Basil Seggos te deklare: “Gouvènè Cuomo ap fè Eta New York yon lidè mondyal nan lit pou konbat chanjman klimatik la e Inisyativ Rabè sou Machin Elektrik la ak Sansibilizasyon (Electric Car Rebate and Outreach Initiative) se dènye egzanp angajman solid li pou redwi emisyon gaz efè sèr yo. Emisyon ki soti nan sektè transpò a konstitye pi gwo sous emisyon gaz efè sèr—plis pase yon tyè nan total emisyon yo. Sa egzije aksyon ki solid pou pwoteje planèt sa e inisyativ rabè Gouvènè a ap mete plis veyikil elektrik sou wout la pandan l ap redwi emisyon k ap chanje klima nou an.”

Sektè transpò a se pi gwo kontribitè nan gaz a efè sèr nan eta a. Konpare ak machin ki alimante ak gazolin yo, machin elektrik yo pi efikas sou plan enèji epi yo koute anviwon 50 a 70 pousan mwens pou kouri pa kilomèt. Yo prevwa ekonomi emisyon kabòn ki soti nan machin k ap resevwa rabè a dapre inisyativ sa ap 115,000 tòn metrik pa ane, ekivalan si w retire 24,000 machin sou wout la.

Inisyativ Rabè Drive Clean la se dènye mezi Gouvènè Cuomo pran pou ogmante kantite machin elektrik nan Eta New York. Nan kòmansman mwa sa, Gouvènè a te

anonse jodi a yon nouvèl kanpay veyikil elektrik ki enkli enstalasyon estasyon rechaj yo, motivasyon pou patwon pou ankouraje anplwaye yo kondwi veyikil elektrik. Nan dènye sezon otòn lan, li te anonse 3 milyon dola pou rabè atravè Fon Pwoteksyon Anviwònman (Environmental Protection Fund) pou minisipalite yo kapab achte oswa lwe veyikil zewo emisyon gaz yo, tankou veyikil idwojèn ak batri elektrik yo, poutèt flòt yo. Pandan sezon ete a, Sustainable Hudson Valley te lanse kanpay Kondwi Elektrik Hudson Valley (Drive Electric Hudson Valley) li an pou kapab edike konsomatè yo sou veyikil elektrik yo, ki te sipòte pa NYSERDA.

Eta a te revize tou règleman yo pou klarifye règ pwopriyetya estasyon rechaj yo, epi sipòte pwòje demonstrasyon ak rechèch yo nan nouvèl politik ak teknoloji machin elektrik ak branchman yo. An plis, Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) te envite minisipalite yo pou antre nan yon kokennchenn kontra ki ap ofri pi bon pri pou materyèl, enstalasyon ak mentnans estasyon rechaj yo. Gouvènè a te anonse anvan, disponibilite yon lòt 3 milyon dola pou ede minisipalite ak kowoperativ elektrik riral ki kalifye yo achte veyikil elektrik pou yo itilize nan flòt minisipal yo.

Senatè Joseph Griffo, Prezidan Komite Enèji ak Kominikasyon Sena a (Senate Energy and Telecommunications Committee), te deklare: “Yon rabè pou konsomatè achte veyikil elektrik – ki enkli veyikil elektrik ibrid rechajab, veyikil elektrik a pil ak veyikil elektrik ak pil, a konbistib – founi yon pi gwo opòtinite pou chwa konsomatè ki vle kondwi veyikil ki gen emisyon ki ba yo. Pwogram nan ap ede redwi emisyon nan sektè transpò a tou, toutotan tan ap pase, pandan l ap fè pwomosyon plis opòtinite ekonomik lè l kenbe lajan elektrisite nasyonal ak vant machin EV yo isit la nan New York.”

Senatè Tom O’Mara, Prezidan Komite Pwoteksyon Anviwònman Sena a (Senate Environmental Protection Committee), te deklare: “Devlopman kontini inisyativ ak estrateji enèji pwòp yo enpòtan anpil pou avni alontèm Eta New York. Donk, mwen kontan anpil ke n ap avanse ak inisyativ sa, ke mwen sipòte nan kad lejislasyon ane pase a e ki te antre nan bidjè aktyèl eta a, pou bay yon ensitasyon rabè, ke, nou espere, ap ankouraje plis konsomatè achte veyikil elektrik e ki bay ‘zewo emisyon’ yo.”

Senatè Liz Krueger te deklare: “Pou reponn a defi chanjman klimatik la, nou dwe pran mezi ki solid e ki entelijan sou anpil aspè. Sektè transpò antik nou an, se pi gwo sous emisyon gaz efè sèr, alò li enpòtan ke nou bouje rapidman nan tranzisyon nouvo, teknoloji 21yèm Syèk ki pi pwòp la, tankou machin elektrik. Inisyativ Drive Clean la ap ede nou rive la. Machin elektrik yo pa sèlman san kabòn, yo pi bon mache tou pou kondwi epi mentni, ki rann yo twa fwa gen pou bous Nouyokè yo, poumon yo ak anviwònman nou tout ap viv ladan lan.”

Manm Asanble Amy Paulin, Prezidan Komite Enèji Asanble a (Assembly Energy Committee) te deklare: “Inisyativ Drive Clean la, lè l etabli yon pwogram rabè, fè sansibilizasyon, epi enstale plis estasyon chajman, sa ap ankouraje epi pèmèt plis moun achte veyikil elektrik, ki se yon bagay mwen ankouraje anpil. Lè n ogmante veyikil elektrik yo sou wout la, sa ap kontribye anpil pou diminye emisyon gaz efè sèr yo epi atenn objektif rediksyon 40% New York la vè 2030.”

Manm Asanble Steve Englebright, Prezidan Pwoteksyon Anviwònmantal Asanble a (Assembly Committee on Environmental Conservation), te deklare: “Rabè Drive Clean la ap ede Nouyokè yo jwe yon wòl aktiv nan redwi polisyon lè epi konbat chanjman klimatik lè w rann veyikil elektrik yo pi abòdab epi aksesib. Pandan Gouvènman Federal la rekile nan angajman li pou aji sou chanjman klimatik la, li enpòtan anpil pou eta yo pran inisyativ la. Sou direksyon Gouvènè Cuomo a, New York ap kontinye make wout pou yon avni dirab ak inisyativ tankou Inisyativ Drive Clean la.”

Robert Vancavage, Prezidan Asosyasyon Dilè Otomobil Eta New York (New York State Automobile Dealers Association, NYSADA), te deklare: “NYSADA, k ap reprezante 1,000 dilè machin, rekonesan anpil e li felisite Gouvènè Cuomo paske li pèmèt rabè pou Veyikil Elektrik pou benefis lè ak anviwònman ki pwòp pou tout Nouyokè.”

Marcia Bystryn, Prezidan Lig Pwoteksyon Elektè Eta New York yo (New York State League of Conservation Voters), te deklare: “Si pou n atenn objektif anbisye nou yo pou n genyen 700,000 ki gen zewo emisyon (Zero Emissions Vehicles, ZEV) sou wout la nan New York vè 2025 epi redwi emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan vè 2030, mete yon taks rabè konsomatè sou ZEV yo tou senpleman enpòtan. Nou kontan pou n wè Gouvènè Cuomo mete zouti enpòtan sa anplas pou atire demand, anplis angajman li k ap ogmante pou konstwi yon rezo estasyon chajman solid.”

Kathleen Fisher, Oganizatè Klèb Inisyativ Veyikil Elektrik Sierra New York (Sierra Club's New York Electric Vehicles Initiative), te deklare: “Lè n founi chwa transpò pwòp, apwopriye epi abòdab, sa ap kreye djòb nan New York epi pwoteje anviwònman nou an. Yon rabè pou konsomasyon pou veyikil lokasyon oubyen vant se ap youn nan meyè fason pou ede Nouyokè yo soti nan polisyon anviwònman. Ak rabè sa, Gouvènè Cuomo, NYSERDA ak lidè lejislatif yo ap ogmante opsyon transpò ki apwopriye epi a bon mache, k ap kreye djòb nan New York epi pwoteje anviwònman nou an.”

Luke Tonachel, Direktè Pwojè Veyikil ak Konbistib Pwòp, Konsèy Defans Resous Natirèl la (Natural Resources Defense Council) te deklare: “Emisyon ki lye ak transpò yo se sous dominan polisyon ak gaz efè sèr New York. Rabè Drive Clean la ka ede akselere nou sou wout lè ki pwòp, yon klima ki pi stab ak yon tranzisyon ki pi nesèsè vè veyikil san polisyon. Sa se yon lòt etap enpòtan nan lidèchip enèji pwòp New York e nou espere plis eta ap konsidere rabè ki menm jan.”

Konsènan Charge NY (Rechaj NY)

Inisyativ Charge NY Gouvènè Cuomo a pral akselere kwasans mache veyikil elektrik la nan Eta New York atravè edikasyon, rechèch, sansibilizasyon konsomatè yo, ak sipò finansyè pou enstalasyon estasyon rechaj batri atravè tout New York. Yo te deja enstale plis pase 1,600 estasyon rechaj batri veyikil elektrik nan kad objektif Charge NY pou gen 3,000 estasyon rechaj batri avan 2018. Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York la (New York State Energy Research and Development Authority), Otorite Enèji New York la (New York Power Authority) ak Depatman Konsèvasyon

Anviwonmantal Eta New York la (New York State Department of Environmental Conservation) ap kolabore nan inisyativ sa a nan kad objektif pou redwi emisyon gaz efè sèr yo a 40 pousan avan 2030.

Konsènan Refòm Vizyon Enèji a

Vizyon Refòm Enèji (Reforming the Energy Vision, REV) se yon strateji Gouvènè Andrew M. Cuomo pou li domine sou chanjman klimatik yo epi devlope ekonomi New York. REV ap konstwi yon sistèm enèji ki pi pwòp, pi fleksib epi pi abòdab pou tout Nouyòkè yo nan favorize investisman nan teknoloji enèji pwòp yo tankou solè, van ak enèji efikas, epi jenere 50 pousan nan kantite elektrisite leta bezwen apati enèji renouvlab apati lane 2030. Deja, REV te atire prèske 800 pousan kwasans nan mache enèji solè nan tout eta a, sa ki te pèmèt 105,000 fanmi ki pa touche anpil lajan yo pou yo bese definitivman pri fakti elektrisite yo gras a efikasite enèjetik, epi li te kreye dè milye pòs travay nan manifakti, enjenyeri, ak lòt sektè teknoloji pwòp yo. REV ap asire Eta New York ap redwi degajman gaz a efè sèr yo nan tout eta a jiska 40 pousan apati lane 2030 epi atenn objektif ki rekoni sou echèl entènasyonal pou fè rediksyon degajman gaz a efè sèr yo jiska 80 pousan apati lane 2050. Pou jwenn plis enfòmasyon sou REV, ansanm ak investisman 5 milya dola Gouvènè a otorize pou teknoloji enèji pwòp ak inovasyon, tanpri vizite www.ny.gov/REV4NY epi swiv nou sou [@Rev4NY](https://twitter.com/Rev4NY).

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418